gazetavpered@list.ru

Ассаламу гIалайкум!

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 20 (6849) * 25 МАЙ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 8 ЗУЛ-ХIИДЖА 1447 с. *

## Предпринимателазулгун семинар – совещание



**2026 соналъул 20 маялда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана предпринимателазулгун семинар – совещание.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, заместителал М. МухIамадовас ва А. Маликовас. Гьединго семинаралда гIахьаллъи гьабуна Халкъияб Собраниялъул депутат Ж. Нажмудиновас, Буйнакскиялда бугеб районазда гьоркьосеб налогазул инспекциялъул вакил Хьаргаби районалъул куратор И. ГьитIинавмухIамадовас, районалда бугеб тех. кадастралъул нухмалъулев ГI. Мусаевас. Предпринимателазул рижарал суалазе жавабал кьезе семинаралда гIахьаллъи гьабуна цIа ккеялдаса цIуниялъул, газалъул, токалъул ва ОВДялъул хъулухъазул вакилзабаз. Семинаралда гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз.

Цебеккунго районалъул предпринимателазда, хасго туристазе хъулухъ гьабиялда жидер пиша бухьарал предпринимателазда лъазабун букIана семинар тIобитIиялъул хабар, гьединги батила семинаралда гIахьаллъулезул сияхI кIудияб букIана. Семинаралъул аслияб масъала букIана районалда ругел комерциялъулал объектал законазул тIалабазда кколеб хIалалде рачIинари. Кинал тIалабал гьезда тIалаб гьабулел ругелали ва гьел рагIалде рахъинаризе тIуразе кколел суалал ва гьезул тартиб. Кумек хIисабалда жиде – жидер хъулухъазда тIуразе кколел тIалабал ва тартибалъул баян кьуна ва предпринимателазул суалазе жавабал кьуна тIадехун рехсарал хъулухъазул вакилзабаз.



Семинаралда бичIчIиледухъ баян кьолеб букIана тIоцебесеб кIалалда ракьалъул бетIергьанлъиялъул документал, буголъиялъул бетIергьанлъи бихьизабулеб документал, налогалъулал хъулухъазда хIисабалда рукIине ккей, риларал хъвай – хъвагIаял ругони МФЦ – сан судалде документал хIадурулеб куцалъул.

Семинаралда борхараб цоги кIвар бугеб суал букIана туристал рештIунеб бакIазда тIуразе кколел хIинкъигьечIолъиялъул шартIал, гьаризе кколел хIинкъи гьечIолъиялъул паспортал, гьел гьариялъе кумек гьабизе рагIи кьуна рай. администарциялъул АТК –лъул бетIерав специалист ГI. Мажидовас.

ТIаде щолеб бугеб 26 май – Предпринимателазул къоги хIисабалде босун. Халкъияб собраниялъул комитетазул, районалъул администрациялъул рахъалдасан лъикIал хIасилал рихьизарурал предпринимателазе, районалда предпринимательство цебетIеялъе жигарчилъи бихьизабуразе кьуна баркалаялъул кагътал ва хIурматиял грамотаби. РакIалде ккола тIобитIараб семинар пайдаяблъун ккани районалъул предпринимателазе.

### БАРКУЛА!




**Ассаламу гIалайкум хIурматиял районцоял!**
**Диналъул вацал ва яцал!**

РакI – ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб бугеб кIудияб гIидалъул байрам, Къурбан къо.

Къурбаналъул гIидалъул къоялъ нилъ ахIула нилъерго ракIал чIухIиялдаса ва жахIдаялдаса рацIцIад гьаризе, вацлъи щулалъизабизе.

Гьал рохалил къоязда кIвар бугеблъун ккола хъизан лъималазде ва гIагарлъиялде кIвар кьей, цоцазе квербакъи гьаби.

Щибаб рокъобе рекъел, хинлъи ва талихI рештIаги, иман щула гьабеги.

Гьарула нилъер къурбаналги, гьабураб гIибадатги, лъикIал гIамалалги къабул гьарегиян. Унтаразе сахлъи кьеги, къварилъи ккаразе бигьалъи кьеги. Киназего парахалъи кьеги.

**М. ТIАГЬИРОВ,**
**районалъул бетIер**



## МаданиятаIъул хIаракатчагIазул церерахъин

**18 маялъ М.Дибировалъул цIаралда бугеб районалъул маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана музыкалияб маргьа «Навруз» ва концерт «Дир ракI мугIрузда буго» Республика Дагъистаналъул театралъул опер ва балеталъул хIаракатчагIазул церерахъин.**

СагIат 12 тIобитIана музыкалияб маргьа «Навруз». Гьенире рачIун рукIана районалъул ясли-ахалъул чIахIиял группабазул лъимал. Музыкалияб маргьа букIана машгьурав драматург АхIмадхан Абубакарил асаралда рекъон ва Рамазан Фаталиевасул бакъангун.

Навруз байрам ккола бакъул календаралда рекъон цIияб сон байбихьулеб къо. Гьелъ бихьулеб букIуна цIилъиялъул, тIабигIат бахъиналъул, бецIлъиялда тIад канлъиялъул, квачалда тIад хинлъиялъул, квешлъиялда тIад лъикIлъиялъул бергьенлъаби. Персазул мацIалдаса «навруз» абураб цIаралъул магIна ккола «цIияб къо».




«Навруз» абураб музыкалияб маргьаялъ бицунеб буго лъикIлъиялъул, кIудиязул адаб гьабиялъул, цогидазул ургъел гьабиялъул хIакъалъулъ. Аслиял герояз жидерго кIудада чIванкъотIараб хвалдаса хвасар гьавула законги хвезабун.

Лъимал цIакъ разиго рукIана маргьадаса.

СагIат лъабгоялда тIобитIана концерт «Дир ракI мугIрузда буго» цIаралда. Концерталда гIахьалъи гьабуна чIахIиял классазул лъималаз, администрациялъул ва цугидал учреждениязул хIалтIухъабазги. Гьединго росабалъа тIаде рачIаразги. Гьенир ахIана некIсиял бакъаназда кучIдул магIарул, гIурус ва цогидал мацIалъ. Гьеб концерт тIобитIана Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон кIодо гьабиялда хурхун.




# Ясаз борхалъи ккуна

**Гъаб соналъул I8 маялда МахIачхъалаялда «Россия - дир тарих» абураб тарихияб паркалъул площадкаялда тIобитIана, Россиялъул халкъазул цолъиялъул соналъул хIурматалъе гIоло тIобитIулеб, «Жея, ясал!» къецазул регионалияб этап. Тадбир гIуцIун букIана Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъги, « Россия - дир тарих» тарихияб паркалъги.**

Финалалде риччан рукIана тIолабго Дагъистаналъул школаздаса, муниципалияб этапалда бергьенлъи босарал 14–17 сонил гIужалъул ясазул 32 команда. ГIахьаллъана, хIакъикъаталда, 25 команда. Къецазул программаялда рекъон ясаз бихьизабизе кколаан ункъго профильнияб направлениялда жидерго творческияб ва гIакълияб махщел.

«Кьурдиялъул творчествоялъул» номинациялда командабаз рихьизаруна, миллиял традициял кьучде росарал, хореографиялъул номерал.

«Этномода» номинациялда рихьизаруна Дагъистаналъул халкъазул миллияб ратIлил тайпаби. «Миллияб квен» номинациялда ясаз бихьизе гьабуна квен гьабулеб, гьеб цебе лъолеб къагIида.

Цинги, букIана Россиялъул ва Дагъистаналъул тарихалда хурхун суалазе жавабал кьолел блиц – турнир.

Хьаргаби районалдаса къецазда гIахьаллъи гьабуна Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул 8 яс йигеб командаялъ.

Ясаз бицанихъе, гьединаб республикаялъул даражаялъул къецазда гьел тIоцере гIахьаллъулел рукIана. Гьезул букIана рекIел хIалхиси ва цадахъго бергьене гIашикълъиги.

Районалъул этапалда церерахъине, команда бакIарун букIана ва гьел хIадурлъизе аслияб кьучI лъун букIана школалъул ингилис мацIалъул мугIалим Х. Загьировалъ. Киназего рекIее асар гьабураб кьурди лъуна «МугIрузул лъимал» ансамблялъул кьурдабазул педагог М. ГIабдулаевалъ. Гьелъул, тарбиячIужу хIисабалда, махщалил ва ясазул гьунаралъул хIасилалда лъугьана берцинаб кьурди.

АбичIого гIоларо, Зарнишан Загьировалъ къецазде къватIире рахъаралъур гьабулеб букIараб кIудияб тIалаб-агъазалъул. Ясазул церерахъиназда гьоркьор гьел къачIаялъе, суратал рахъиялъе, гьезул киналниги къваригIелал тIураялъе кIудияб квербакъи гьабуна гьелъ эбел хIисабалда.

«Миллияб квен» номинациялде, командаялъ хIадурун рукIана магIарулазул хинакIал ва цIоросаролъил ханжудал жо буссарал хинкIал, цадахъ белъараб цIияб ва бакъвараб гьангун.

Къецазул хIасилалда, жюриялъул пикруялда рекъон:

**I - бакIалъе** мустахIикълъана Дербенталъул №18 гимназиялъул команда.

**II - бакI бикьана** Хасавюрталъул Горькиясул цIаралда бугеб гимназиялъул ва Дербенталъул №20 гьоркьохъеб школалъул командабаз.

**III – бакI бикьана** Избербашалъул №8 ва Хьаргаби №2 гьоркьохъел школазул ва Зубутли - Миатли гимназиялъул коллективаз.

**Зрителазул симпатиялъул приз кьуна** Сергохъалаялъул №2 гьоркьохъеб школалъул командаялъе.

Ясазе щвана жиде – жидер сертификатал ва гьитIиналго сайгъатал. Командаялъе кьуна грамота.

ЛъикIаб хIасилгун район ва школа республикаялъул борхалъуда бихьизабурал ясал гIагараб школалъул линейкаялдаги къабул гьаруна халатбахъараб хъат чIваялда гъоркь. Гьезие ва командаялъул церерахъин хIадураразе кIудияб баркала загьир гьабуна киназго.

## ИЗВЕЩЕНИЕ

### о проведении в 2027 году государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан

1. В соответствии со статьями 6 и 11 Федерального закона от 3 июля 2016 г. № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке», постановлением Правительства Республики Дагестан от 17 мая 2018 года № 48 «Вопросы Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан» **и приказом Минимущества Дагестана от 20 апреля 2026 г. № 323 «О проведении государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан»** в 2027 г. планируется проведение государственной кадастровой оценки всех зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан.

Указанный приказ размещен на официальном сайте Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан https://estate-rd.ru в разделе **«деятельность»/«государственная кадастровая оценка».**

В целях сбора и обработки информации, необходимой для определения кадастровой стоимости государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (далее – ГБУ РД «Дагтехкадастр»), осуществляет прием деклараций о характеристиках соответствующих объектов недвижимости от правообладателей объектов недвижимости.

Декларация о характеристиках объекта недвижимости подается в ГБУ РД «Дагтехкадастр» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг (далее - многофункциональный центр) лично или с использованием информационно-телекоммуникационных сетей общего пользования, в том числе сети «Интернет», включая портал государственных и муниципальных услуг, а также регистрируемым почтовым отправлением с уведомлением о вручении.

МИНИСТЕРСТВО ПО ЗЕМЕЛЬНЫМ И ИМУЩЕСТВЕННЫМ ОТНОШЕНИЯМ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН (МИНИМУЩЕСТВО ДАГЕСТАНА)

## ПРИКАЗ

*№ 323 от 20 апреля 2026 г.*

### О ПРОВЕДЕНИИ ГОСУДАРСТВЕННОЙ КАДАСТРОВОЙ ОЦЕНКИ

**зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан**

В соответствии со статьями 6, 11 Федерального закона от 3 июля 2016 г. № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке» **приказываю:**

1. Провести в 2027 году государственную кадастровую оценку зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан.

2. Государственному бюджетному учреждению Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой! оценке» до 1 января 2027 года завершить подготовку к проведению государственной кадастровой оценки объектов недвижимости, указанных в пункте 1 настоящего приказа.

3. Управлению экономики и проверок порядка использования государственного имущества в течение тридцати календарных дней со дня принятия настоящего приказа:

3.1. подготовить извещение о принятии настоящего приказа и приеме государственным бюджетным учреждением Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» документов, содержащих сведения о характеристиках объектов недвижимости, указанных в пункте 1 настоящего приказа;

3.2. в установленном законодательством порядке обеспечить:

- опубликование извещения, указанного в подпункте 3.1 пункта 3 настоящего приказа, в газете «Дагестанская правда»;
- размещение извещения, указанного в подпункте 3.1 пункта 3 настоящего приказа, па информационном щите Министерства но земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан;
- направление копии настоящего приказа в Федеральную службу государственной регистрации, кадастра и картографии для осуществления мониторинга проведения государственной кадастровой оценки и в публично- правовую компанию «Роскадастр» для его размещения в фонде данных государственной кадастровой оценки;
- направление копии настоящего приказа в органы местного самоуправления поселений, муниципальных районов, городских округов Республики Дагестан для его доведения до сведения заинтересованных лиц.

4. Отделу информатизации и делопроизводства в течение тридцати дней со дня принятия настоящего приказа:

- разместить копию настоящего приказа и извещение, указанное в подпункте 3.1 пункта 3 настоящего приказа, на официальном сайте Министерства но земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

5. Контроль за выполнением настоящего приказа возложить на статс - секретаря – заместителя министра по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан Э. К. Татаева.

**Заместитель председателя правительства Республики Дагестан - министр**
**З. Э. ЭМИНОВ**

ДИН ВА ГӀУМРУ

# ГӀИДАЛЪУЛ КЪОЯЛ

**КӀал биччаялъулги къурбан хъвеялъулги гӀидалъул къоял руго цӀакъ хирияl къоял, ай гьабураб гӀамалалъухъ аза-азарго нухалъ цӀикӀкӀун ажру кьолел ва квешал гӀамалазухъ гӀазабги гьединго цӀикӀкӀун букӀунел. Гьел къоязул сардал гӀибадат гьабулаго рорчӀизе цӀакъ хирияб суннат буго.**

ТӀубанго сордо борчӀун бажаричӀониги дагьаб къадаргӀаги гӀибадат гьабулаго инабе.

Боголил ва рогьалил как жамагӀат гьабун мажгиталда банани ва рогьилелде тӀаде вахъун кӀиго ракагӀат бугониги тагьажудги бани гьелда хадуб салаватги битӀани «Салатул ФатихӀ» битӀизе хирияб буго, дугӀа алхӀамги гьабуни гьебги гӀураб жо буго нилъ гӀадинал загӀипал гӀадамазе.

Гьел сардал рорчӀарал ва радакье рахъун ракӀбацӀцӀадго Аллагьасе тӀагӀат гӀибадат гьабурал гӀадамазул ракӀал холарила цогиязул ракӀал холеб къоялъилан абун буго хирияв Аварагас. Гьединго цӀакъ хирияб, Аварагас ва асхӀабзабаз тӀад чӀей гьабулеб букӀараб суннат буго гӀидалъул къояз такбир бачинги.

КӀиябго гӀидалъул сордоялъ бакъ тӀерхьаралдаса имамас гӀидалъул как бухьинегӀан бачуна такбир кӀванагӀан цӀикӀкӀун, эхетун, гӀодов чӀун, вегун, вилъун унаго батӀалъи гьечӀо. Хасго хӀалал хисиялда аскӀоб, ай рокъоса къватӀиве лъугьунаго, чода машинаялда рекӀунаго, рештӀунаго, гӀадамал ракӀарараб бакӀазда, къватӀ - къоноялда, масжидазда, суннатал рукӀа парizаял рукӀа каказда хадур.

Бихьиназ гьаракь борхун руччабаз жидедаго рагӀулеб хӀалалъ бачина такбир.

Къурбан къоялъ абуни цебе рехсаралда тӀаде гьелда цебесеб ай ГӀарафа къоялъул рогьалил какдаса байбихьун, къурбан къоязул хадур ругел ташрикъазул къоязул лъабабилеб къоялъул бакъани какалде швезегӀан ругел каказда хадубги бачина такбир.

## ТАКБИРАЛЪУЛ КЪАГӀИДА

3 нухалъ. **«Аллагьу акбар, Аллагьу акбар, Аллагьу акбар, лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар Аллагьу акбар валиллагьил хӀамд»** абила ва хадуб цо нухалъ абила **«Аллагьу акбар кабиран валхӀамду лиллагьи касиран ва субхӀаналлагьи букратан ва асилан».**

Хадуб салават битӀила ва дугӀаги гьабила. Бегьула кӀванагӀан гӀемер цохӀо **Аллагьу акбар** абун абизе, хасго цебе рехсараб къагӀида лъаларесе.

Воре нужеца гьеб такбир бачин гӀадамаздаса нечон тоге, бачинчӀого тезе Аллагьасдасаги Аварагасдасаги малаикзабадасаги нечезе ккола нилъ.

## КЪУРБАН ХЪВЕЗЕ ККОЛА

Аварагас амру гьабуна нилъеца къурбан хъвезе цӀакъбахъи гьабейилан нилъедасагоги лъимал-хъизаназдасаги щибаб соналъ, шаргӀияб гӀузру батани хутӀун. Жиндаса къур-



бан хъурав чиясдасан зарал нахъе уна балагь-къварилъабаздаса цӀунула гьесул мунагьалги чурула. Къурбаналъе хъолеб жоги хӀалалаб гурого бегьуларо. Гьанги босун гьеб садакъаде бикьи къурбан хъвеялда бащалъуларо, къурбаналъулъ хасаб хӀикмат буго.

Къурбан хъвезе рес гьечӀев чияс тавбу-истигъфаралда тӀадчӀей гьабила хасго къурбаналъул къояз, Аллагьасде хьул буго гьеб гӀунгутӀи истигъфаралдалъун бацӀинилан.

ХӀадисалда буго къурбаналъе хъураб жоялъул рас рикӀкӀун лъикӀлъи хъвалилан гьелъухъ ва жужахӀалдасаги цӀунулила. Къурбан нилъецаго хъвеялда тӀадчӀей гьабейиланги абуна свалат-салам лъеяв Аварагас, шаргӀияб гӀузру бугони хутӀун. Нилъецаго хъвезе рес рекъечӀони хъолелъул аскӀоргӀаги чӀела. Гьедин чӀей суннат буго, гьеб кӀвар гьабичӀого тейги ахӀмакълъи буго. Нилъеца гьелъул садакъаде кьураб жоялда рекъараб букӀуна гьелъухъ нилъее ахираталда щолеб кириги дунялалда балагьаздаса цӀуниги. Гьединлъидал кӀванагӀан цӀикӀкӀун кье садакъаде.

Нилъгоги тӀадегӀаналлъун хирияллъун рихьизе бегьуларо нилъеца гьеб гьан садакъаде кьолездаса. Хиралъи дозие цӀикӀкӀун бихьизе ккола, щай абуни гьел сабаблъунлъидал дуе лъикӀлъиги кириги щолеб бугеб. Нилъее тохтурас дару гьабун унти нахъе ани нилъеда нилъго досул налъулаллъун рихьулеб гӀадин нилъер садакъа къабул гьабиялдалъун нилъедаса балагь нахъе босулеб бугелъул дол нилъеца садакъа кьураз гьезул налъулаллъунги рихьизе ккола нилъеда нилъго.

Хьолеб къурбан гурхӀелалда берцинго хъвейилан амру гьабуна Аварагас Кинабго жоялъулъ берцинлъи цӀунейилан амру бугелъул Аллагьасул.

## ГӀАРАФА КЪО

Гьаб зуль-хӀиджа моцӀалъул авалаб анцӀабго къо руго хирияl къоял. Бищунго гьезда гъорлъ хириябгlъун ккола ГӀарафа къо.

Гьел къояз гьабураб лъикӀлъи аза-азар нухалъ цӀикӀкӀинабула Аллагьас. Гьединлъидал жигар бахъе гьеб къоялъ черх чуризе мунагьаздаса тавбу гьабизе, кӀал кквезе, садакъа кьезе, зикру гӀемер бачине, салават гӀемер битӀизе, азарго нухалъ къулгьу цӀализе, бесдалазда гурхӀун гьезие садакъа кьезе, гӀемер дугӀа гьабизе, тасбихӀалъул как базе ва цогидалги лъик!ал гӀамалал гьаризе.

Гьединго ГӀарафа магӀарда гьечӀезе цӀакъ суннатаб буго кӀал кквезе, амма гьенир ругез кӀал кквеларо, дугӀа-алхӀамалъе къуват букӀине. ХӀадис буго ГӀарафа магӀарда гьеб къоялъ ругелщиназул киналго мунагьал чурулилан.

Гьеб къоялъ цӀализе бищунго хирияб буго: **«Лаилагьа иллаллагьу вахӀдагьу ла шарикалагьу лагьул мулку ва лагьул хӀамду юхӀйи ва юмиту ва гьува гӀала кулли шайъин къадир».** *(Аллагь гурого лагьлъи гьабизе мустпахӀикъаб жо гьечӀо цогояв, шарик гьечӀев. Гьесие буго ханлъиги рецции. Гьес чӀаго гьарула, хвезеги гьарула. Гьев вуго кинабго жоялда хӀалкӀолев).*

## ГӀИДАЛЪУЛ КЪОЯЛЪ:

1. Радакье вахъун тагьажудалъул ва тасбихӀалъул какал рай. Тавбу ва дугӀа гӀемер гьабе.

2. Лъабго нухалъгӀаги «ФатихӀа» салават цӀале. Радакье цӀалараб «ФатихӀа» салаваталъул кири цоги заманаялъ цӀаларалда данде ккун 500 нухалъ цӀикӀкӀуна.

3. Рогьалил как жамагӀаталда мажгиталда бай.

4. Радал хабзалалъе ун хваразе къулгьу-алхӀам цӀале.

5. ГӀидалъул какде вахъиналде черх чури. Берцинаб ретӀел ретӀи, махӀал гьари, малъал къунцӀи.

6. КӀванагӀан ГӀидалъул как базе мажгиталде ин, кватӀани яги бажаричӀони рокъобгӀаги бачӀого тунгутӀи.

7. ЧӀужу-лъималги тӀами гӀидалъул как базе.

8. Рес бугони къурбан хъвей.

Гьеб хъвезе бегьула ункъо къоялъ (10, 11, 12, 13 къояз).

9. Такбир бачин.

10. Садакъа-хайрат цӀикӀкӀинаби.

ГӀидалъул къояз мунагьал гьариялдаса цӀуне. Гьеб къо кепалда, Аллагьасдаса гьапулго инабуге!

Къурбан хъвезе беццараб буго гӀидалъул как бан хадуб. Суннатаб къурбаналъе беццараб буго гьанал лъабго бутӀа гьабизе. Гьелъул цояб садакъаялъе мискин-пакъиразе кьезе, цояб жиндиего тезе ва лъабабилеб бутӀа бокьаразе сайгъат хӀисабалда кьезе. ТӀадаб къурбан бугони, гьеб кинабго садакъаде кьезе ккола. Къурбан хьолаго ният гьадин гьабе: **«Дица ният гьабуна дирго** (чӀужуялъул, лъималазул, вакил гьавурасул) **черхалдасан къурбан хъвезе, Аллагьасе гӀоло Аллагьу акбар».**

## ГӀИДАЛЪУЛ КАК

ЦӀакъ кӀвар кьезе ккараб жо буго гӀидалъул какги. Пемерисез жалгоги мажгиталъе как базе ун чӀужу лъимал гьеб базе тӀамичӀого тола ва гьезда ракӀалде ккола мажгиталде араз гурони гьеб базе кколарилан.

Воре киназго гьеб кӀвар бугеб суннат рехун тоге, гьелъухъ цӀакъ кӀудияб кири буго нилъее.

**Как балеб къагӀида:**

Дица ният гьабуна 2 ракагӀаталъул суннатаб гӀидалъул как базе Аллагьасе гӀоло **«Аллагьу акбар»** - абун какилъе лъугьина ва лъалес «Важагьту» цӀалила. Гьеб какилъе лъугьиналъул «Аллагьу акбар» малъичӀого

7 нухалъ «Аллагьу акбар» абила гьезда гьоркьоб абила **субхӀаналлагьи валхӀамдулиллагьи ва лаилагьа иллаллагьу валлагьу акбар.** Ай, анлъго нухалъ.

Хадуб агӀузуги бахъун «АлхӀам» цӀалила. Цинги рукугӀ суждаги гьабила цоги каказе гӀадин. КӀиабилеб ракагӀаталъе «Аллагьу акбар» щуго абила щибалда гьоркьоб добго тасбихӀ цӀалила, ай гьеб ункъго нухалъ ккола.

Гьаб къагӀида буго суннатаб къагӀида, гьаб лъаларес яги бажаруларес гӀадатияб кӀиго ракагӀат банги бачӀого тоге гӀидалъул какилан ниййятги гьабун.

# Къурбан хъвеялъе ният



Къурбан хъвеялъе ният гьабичӀони, гьеб къурбанлъун рикӀкӀунаро, къурбан хъвей гӀибадат ккolелъул, гӀибадаталъе ният хӀажалъула.

Нияталъ батӀа бахъула къурбаналъе хъураб хӀайван кваназе хъураб хӀайваналдаса. Къурбан хьолеб мехалъ ният гьабила: **«Дица ният гьабуна гьаб жо суннатаб къурбаналъе хъвезе Аллагьасе гӀоло»,** - абун. Ният гьабиги хъвезе байбихьиги цадахъ ккезабила. **«Бисмиллагь»** бахъиги хадур цӀалулел дугӀабиги ниятaлдаса цере ккезарила.

Къурбаналъе хъвезе жо рехъадаса батӀа гьабулаго яги цоясдаса къурбаналъе хъвезе жо хас гьабулаго ният гьабуни, хьолеб мехалъ ният гьабизе кколаро. Масала, **«Дица ният гьабуна гьаб хӀайван суннатаб къурбаналъе хъвезе»,** - янги абун, гьеб хӀайван батӀа гьабуни, гьеб хьолаго кӀиабизеги ният гьабизе кколаро, гьабуни, лъикӀаб буго. Гьаб хӀайван дица къурбаналъе назру гьабунилан абуни, гьеб хьолаго ният гьабизе кколаро.

Хъвезе цоги чи вакил гьавулаго, кӀиабизеги къурбан хъвезеян абун ният гьабизе кколаро, **«Дица мун гьаб къурбаналъе хъвезе вакил гьавуна»**, - ян абуни гӀола.

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ
«СЕЛО ГЕРГЕБИЛЬ»
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО
ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ГЕРГЕБИЛЬ»

# РЕШЕНИЕ

*№ 01-06/13 от 20.05.2026 г.*

## О назначении конкурса по отбору кандидатуры на должность главы муниципального образования село «Гергебиль»

В соответствии с пунктом 2.1 части 2 статьи 36 Федерального закона от 06.10.2003 № 131 – ФЗ (в ред. от 29.06.2015 №204 – ФЗ) «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Закона Республики Дагестан от 16 марта 2016 г. №26 «О внесении изменения в статью 2 Закона РД» «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов РД и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан», Уставом МО «село Гергебиль» и решением Собрания депутатов муниципального образования «село Гергебиль» от 11.09.2015 №2015 «Об утверждении Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО «село Гергебиль», Собрание депутатов Муниципального образования «село Гергебиль»

РЕШИЛ:

1. Назначить конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района Республики Дагестан (далее – конкурс) на 25.06.2026 г., в 14 часов 00 минут время местное.

2. Определить местом проведения конкурса администрация муниципального образования «село Гергебиль», расположенного по адресу: с. Гергебиль, ул. Сталина, д. 19.

3. Обнародовать в срок не позднее 31.05.2026 г., текст объявления об условиях проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль», согласно приложению №1 к настоящему решению.

4. Прием документов на конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования МО «село Гергебиль» осуществляется с 01 июня по 24 июня 2026 года включительно с 10:00 час. до 16:00 час. в соответствии с порядком проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль», секретарем конкурсной комиссии в здании сельской администрации.

5. Настоящее решение вступает в силу после его официального опубликования в районной газете «Вперед» и подлежит размещению на официальном сайте администрации МР «Гергебильский район».

**Председатель собрания**
**депутатов МО «село Гергебиль»**
**УВАЙСОВ О.М.**

---

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «село ГЕРГЕБИЛЬ»
Собрание депутатов
муниципального образования «»село Гергебиль»

# РЕШЕНИЕ

*№ 01-06/14 20.05.2026г.*

## О назначении членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль»

В соответствии с частью 2.1 статьи 36 Федерального закона от 06 октября 2003 года № 131 – ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Закона Республики Дагестан от 16 марта 2015 г. №26 «О внесении изменения в статью 2 Закона РД «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов РД и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан», Уставом МО «село Гергебиль» и решением Собрания депутатов муниципального образования «село Гергебиль» от 11.09.2015 №2015 «Об утверждении Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы МО «село Гергебиль», собрание депутатов Муниципального образования «село Гергебиль»;

РЕШИЛ:

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль» в составе:

– Увайсов Омарасхаб Магомедгаджиевич – председатель совета собрания депутатов МО «село Гергебиль»

– Магомедов Шамиль Магомедович – депутат МО «»село Гергебиль»

– Алибеков Алибек Магомедович – депутат МО «село Гергебиль»

2. Настоящее решение направить Главе муниципального образования «Гергебильский район» с обращением о назначении половины состава членов конкурсной комиссии.

3. Решение вступает в силу после официального опубликования в районной газете «Вперед» и подлежит размещению на официальном сайте администрации МР «Гергебильский район».

**Председатель Собрания**
**Депутатов МО «село Гергебиль»**
**Увайсов О.М.**

---

*УТВЕРЖДЕН:*
*Решением Собрания депутатов*
*МО «село Гергебиль»*
*от «20» мая 2026 г. №01-06/13*

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Об условиях проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль»

Собрание депутатов муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района Республики Дагестан, в соответствии с решением депутатов МО «село Гергебиль» от 31.05.2021 № «Об утверждении Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль», извещает о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль» (далее - конкурс):

1. Прием документов на участие в конкурсе проводится с 01.06.2026 года с 9:00 до 16:00, время местное прекращается 25.06.2026 года в 13:00 часов.

2. Подача документов на участие в конкурсе осуществляется по адресу: 368250, Республики Дагестан, Гергебильский район, с. Гергебиль, ул. Сталина, д.19 секретарю конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «село Гергебиль» Гергебильского района Республики Дагестан (далее – конкурсная комиссия). Номер контактного телефона: 8 964 004 18 24

3. Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 23-х лет.

4. Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

· личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения.

· копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

· копия документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также, о том, что кандидат является депутатом.

· согласие на обработку персональных данных.

5. Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов.

6. По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о награждении наградами и присвоении почетных званий и иные документы, характеризирующие его личность и профессиональную подготовку.

7. Несовременное и неполное представление документов является основание для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

8. Гражданин не допускается к участию в конкурсе при наличии следующих обстоятельств:

1) отсутствие у кандидата пассивного избирательного права;

2) непредставление в конкурсную комиссию перечень документов предусмотренных настоящим Положением;

3) наличие среди документов, представленных в конкурсную комиссию, документов, оформленных с нарушением требований настоящего Положения;

4) сокрытие кандидатом сведений о судимости, которые должны быть представлены в соответствии с настоящим Положением;

5) представления подложных документов или заведомо ложных сведений;

6) непредставления или представления заведомо недостоверных или неполных сведений;

9. К участию в конкурсе не допускаются также граждане:

1) осужденные лишению свободы за совершение тяжких и (или) особо тяжких преступлений и имеющие на день проведения конкурса неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления;

2) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости;

3) осужденные к лишению свободы за совершение особо тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения пятнадцати лет со дня снятия или погашения судимости;

4) осужденные за совершение преступлений экстремистской направленности, предусмотренных Уголовным кодексом Российской Федерации, и имеющие на день проведения конкурса на выборах неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления, если на таких лиц не распространяется действие подпунктов 2и 3 настоящей пункта;

5) подвергнутые административному наказанию за совершение административных правонарушений, предусмотренных статьями 20.3 и 20.29 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, если конкурс состоится до окончания срока, в течение которого лицо считается подвергнутым административному наказании;

6) признанные судом недееспособными или содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда.

10. Конкурс проводиться, если на участие в конкурсе поданы документы не менее двух кандидатов. В противном случае конкурс признается несостоявшимся.

11. Кандидат вправе представить в конкурсную комиссию письменное заявление об отказе от участия в конкурсе. С момента поступления указанного заявления в конкурсную комиссию кандидат считается снявшим свою кандидатуру.

12. Конкурс проводится в два этапа.

13. На первом этапе конкурсная комиссия проводит проверку достоверности сведений, представленных кандидатами, а также проверку соответствия кандидатов установленным требованиям, на основании представленных ими документов, а также информации, представленной правоохранительными органами, иными государственными органами, органами местного самоуправления и их должностными лицами. Изучение указанных документов и информации осуществляется в отсутствие кандидатов.

По итогам первого этапа конкурса конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о признании первого этапа конкурса состоявшимся с утверждением кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса;

2) О признании конкурса несостоявшимся в следующих случаях:

наличия одного кандидата;

признания всех кандидатов несоответствующими установленным требованиям;

подачи всеми кандидатами заявлений об отказе от участия в конкурсе.

14. Второй этап конкурса проводится не позднее 15 дней со дня окончания приема документов.

15. На втором этапе конкурса комиссия проводит оценку профессиональных и личностных качеств кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса, их умений, знаний, навыков на основании представленных документов и по результатам конкурсных испытаний.

16. При проведении конкурса используются не противоречащие федеральным законом и другим нормативным правовым актам Российской Федерации и Республики Дагестан методы оценки профессиональных и личностных качеств кандидатов, включая;

1) индивидуальное собеседование;

2) анкетирование;

3) проведение групповых дискуссий;

4) тестирование;

5) устное или письменное изложенное своих предложений, программы развития сельского поселения.

17. При оценке кандидатов конкурсная комиссия исходит из:

наличия у кандидатов программ развития сельского поселения;

наличия у кандидатов соответствующего уровня образования, профессиональных навыков и опыта работы, необходимых для исполнения полномочий главы сельского поселения;

профессиональных и личностных качеств каждого из кандидатов.

18. По результатом конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о представлении кандидатур на рассмотрение Собрания депутатов.

2) о признании конкурса несостоявшимся

19. Гражданин, не допущенный к участию в конкурсе, вправе обжаловать решение конкурсной комиссии об отказе ему в допуске к участию в конкурсе в соответствии с законодательством Российской Федерации.

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
21 мая 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00